

## KOMPETENSI PROFESIONAL GURU BASA JAWI

Dening

Suwarna

Dosen Universitas Negeri Yogyakarta

### A. Purwaka

Adharan menika kula wiwiti satunggaling kasus. Awit gurunipun pikantuk tugas kedinasan, guru mata pelajaran (sanesipun basa Jawi) lajeng boten saged mulang. Leregipun kedah wonten guru sanesipun (guru piket) ingkang saged nggantosi mulang. Menawi boten pamulangan basa Jawi, boten dados prekawis. Nanging nalika guru basa Jawi boten saged mulang, pilih-pilih guru ingkang saged nggantosi mulang. Ingkang kersa inggih ingkang guru ingkang sampun senior. Dene para guru junior sami boten purun. Guru junior sami rerasan bilih mulang basa Jawi menika angel. Menawi pelajaran sanesipun saged dipunsinau (setunggal dalu saderengipun), dene basa Jawi boten saged. Dereng malih menawi klentu bab unggah-ungguh, maos saha nyerat Jawi, sarta nyekar. Menika cetha yen boten sedaya guru saged.

Andharan menika nedahaken bilih dados guru basa Jawi pancen boten gampang. Boten sedaya guru saged mulang basa Jawi. Kamangka kita menika trahing Jawi, sinten malih ingkang badhe nguri-uri saha nglestantunaken basa, sastra, saha budaya Jawi. Menapa malih samenika basa Jawi dipunwulangaken wonten SLTA (SMA saha SMK), menika tansaya ndadosaken mongkoking manah bilih basa Jawi badhe bangkit saha moncer.

Adhedhasar bab kasebat mesthinipun para guru cancut gumregut nambah kawegigan (*kompetensi*), mliginipun *kompetensi profesional*. *Kompetensi profesional* menika magepokan kaliyan kawegigan ing ngelmu basa, sastra, saha budaya Jawi ingkang badhe kawulangakenm dhateng para siswa.

### B. Kompetensi Profesional

Tembung *profesionalisme* saking tembung lingga *profesional* kawuwuhan panambang *isme*. *Profesional* ateges nindakaken jebibahan kanthi tewajuh (tumemen) sarta tanggel jawab satemah saged nggayuh ancas (tujuan) ingkang sampun katetepaken. Tembung *isme* ateges duwe sipat. Dados *profesionalisme* ateges gadhah sipat *professional*. Guru ingkang profesional inggih menika guru ingkang saged nindakaken pamulangan sarta pasinaon tumrap para siswa kanthi tewajuh sarta tanggel jawab satemah para siswa saged nggayuh kawegigan (*kompetensi*) kados ingkang sampun sinerat wonten ing tujuan.

Kangge nggayuh *profesionalisme*, guru kedah nguwaosi materi kawegigan (*kompetensi*) sarta ngelmi *didaktik-metodik*. *Kompetensi* inggih menika materi kawegigan ingkang kedah dipunsinau saha dipunkuwaosi dening siswa. *Didaktik* inggih menika ngelmi pendidikan, ngelmi caranipun ndhidhik siswa, upamanipun ngelmi-ngelmi ingkang ngemot: *Pendidikan, Psikologi Pendidikan, Psikologi Perkembangan, Bimbingan Konseling*, lan sapanunggilanipun. *Metodik* inggih menika ngelmi pamulangan, ngelmi caranipun mulang siswa, upaminipun ngelmi-ngelmi ingkang ngemot *Metode/Strategi Belajar Mengajar, Metode Mengajar, Evaluasi Pengajaran*, lsp.

*Didaktik-metodik* asipat umum boten milahaken mata pelajaran setunggal lan sanesipun. Dene cak-cakanipun dipuntrepaken kaliyan materi pamulangan. Saben guru limrahipun sampun kagungan ngelmi menika, menapa malih katambah pengalaman

sampun ngasta (mulang) sampun sawetawis dangu temtu sangsaya mapan sarta mantep.

Kompetensi materi menika sipatipun mligi (khusus), saben-saben pamulangan materipun beda-beda. Adhedhasar menika, andharan menika namung badhe mbabar prekawis materi inggih menika ngelmi basa Jawi ingkang badhe kababar ing pamulangan basa Jawi. Kanthi dhasar ngelmu *didaktik-metodik* dipunsengkuyung materi ingkang mapan sarta murakabi, guru saged nindakaken pamulangan kanthi profesional. Tembenipun para siswa gadhah kawegigan (kompetensi) basa Jawi ingkang murakabi.

## **B. Sarat Guru Basa Jawi Profesional**

Gayutanipun kaliyan materi pamulangan basa Jawi, guru basa Jawi ingkang profesional gadhah tigang sarat inggih menika (1) unggah-ungguhipun mapan, (2) saged nyekar, saha (3) saged maos sarta nyerat Jawi. Tiga-tiganipun menika dados sarat ingkang sipatipun wajib. Dipunwastani wajib awit menawi kawegigan menika cicir badhe gampil ketingal satemah saged ngasoraken kawibawan utawi nuwuhaken cingaking tiyang (guru) sanes. Saking ketiganipun ingkang gampil ketingal inggih menika sarat angka (1) unggah-ungguh awit unggah-ungguh dipunginakaken sawanci-wanci, mliginipun tumrap pasrawungan. Dene sarat (2) saha (3) namung badhe katingal ing wekda-wekdal kang mligi, upamnipun ing pamulangan basa Jawi, adicara macapatan, pengantin, utawi maos-maos asiling kasusastran Jawi.

Ketiganipun sarat guru basa Jawi kalawau kedah dipungebengi saben tataran pawiyatan saking TK, SD, SLTP, SLTA, satra PT, namung isinipun kawegigan/kompetensi (kathah-sakedhik, andhap-inggiling ngelmu, cethek sarta lebetipun ngelmu) dipuntrepaken kaliyan tataran pawiyatannipun. Kawegigan basa Jawi siswa SD temtu langkung gampil sarta langkung sakedhik katandhing siswa SLTP, kawigigan basa Jawi ing pamulangan SLTP temtu langkung gampil sarta prasaja tinimbang mahasiswa ing perguruan tinggi. Dados boten prelu ajrih dados guru basa Jawi. Kathah mupangat ingkang saged kapethik dados guru basa Jawi ingkang *profesional*.

Sarat panyengkuyung sanesipun sakalangkung prayogi, jumbuh, sarta mungguh menawi saged karengkuh, upamanipun saged damel geguritan (*puisi*), cerkak, cerbung, pengertosan kasusastran Jawi, lelewaning basa, basa rinengga, panyandra, parikan, paribasan, bebasan, saloka, cangkriman, lsp. Dene menawi guru boten nguwaosi kawegigan menika boten badhe ketingal.

Sarat wajib boten menawi boten saged nindakaken/ngrengkuh nuwuhaken pitaken utawi panguwuh:

- (1) Guru basa Jawi kok unggah-ungguhipun kewalik-walik!
- (2) Guru basa Jawi kok boten saged basa ingkang mungguh!
- (3) Guru basa Jawi kok boten saged nyekar Macapat!
- (4) Guru basa Jawi kok boten saged maos sarta nyerat Jawi!

### **1. Unggah-Ungguh Basa Jawi**


Unggah-ungguh basa menika magepokan paugeran ngginakaken basa Jawi ingkang lelandhesan tatakrami. Menapa sebabipun wonten sambung rapetipun kaliyan tatakrami? Ing basa Jawi miliginipun ingkang krama, tembung-tembungipun gadhah daya tatakrami. Trahing Jawi ingkang saged ngginakaken basa Jawi tuwin ngugemi rohipun (hakikatipun) basa Jawi, badhe gadhah tatakrami ingkang mungguh sarta jumbuh, boten sesongaran, langkung lembah manah, kurmat dhateng tiyang sanes.

**a. Ginanipun Sinau Unggah-Ungguh Basa jawi**

- (1) Ndhidik raos kurmat,
- (2) Ndhidhik andhap asor anoraga
- (3) Ndhidhik tatakrami
- (4) Ngaosi budaya leluhur
- (5) Nglestantunaken asiling budaya leluhur
- (6) Mekaraken kawegiganing gesang (*life skill*) kadosta pranata adicara, jagad pewayangan, seni kethoprak, nyerat cerkak, novel, geguritan, lsp.

**b. Jinisipun Unggah-Ungguh Basa Jawi**

Ing basa Jawi *modern* menika, unggah-ungguh basa Jawi namung kaperang dados kalih tataran, inggih menika basa ngoko kaliyan krama. Basa ngoko kaliyan krama keperang dados lugu saha alus: ngoko lugu, ngoko alus, krama lugu, krama alus (Harjawiyanana & Supriya, 2001).



Bagan 1. Unggah-ungguh Basa Jawa

**1) Basa Ngoko Lugu**

Tembung-tembungipun ngoko sedaya. Basa ngoko lugu dipunginakaken tiyang langkung sepuh dhateng tiyang anem, ingkang sapantaran, satataran (kalenggahan), sampun rumaket. Rumusipun:

$$P1 \geq P2 \geq p3$$

- P1 : tiyang ingkang gineman
- P2 : tiyang ingkang dipunajak gineman
- p3 : tiyang ingkang dipunginem (aksara p alit)

Conto:

- (1) Yen Pak Tony arep tuku buku, aku titip.
- (2) Bu Rina ora bisa mulang ing sekolah amarga wis suwe anggone lara.

**2) Basa Ngoko Alus**

Tembung-tembungipun ngoko kacamperan krama inggil. Inggih dipunkramakaken wasesa (tembung kriya) kaliyan sesebatan *persona*, ater-ater lan panambang tetep ngoko. Basa ngoko lugu alus dipunginakaken tiyang ingkang

sapantaran utawi dhateng tiyang ingkang langkung sepuh, satataran utawi dhateng tiyang langkung inggil kalenggahanipun, sampun rumaket nanging taksih kepengin sami-sami ngormati. Rumusipun:

$$P1 \leq P2 \leq p3$$

P1 : tiyang ingkang gineman

P2 : tiyang ingkang dipunajak gineman

p3 : tiyang ingkang dipunginem (aksara p alit)

Conto:

(3) Yen Pak Toni arep mundhut buku, aku titip.

(4) Bu Rina ora bisa ngasta ing sekolah amarga wis suwe anggone gerah.

#### 4) Basa Krama Lugu

Tembung-tembungipun krama sedaya. Basa krama lugu dipunginakaken tiyang langkung sepuh dhateng langkung enem, ingkang sapantaran, satataran (kalenggahan), kirang rumaket. Rumusipun:

$$P1 \geq P2 \geq p3$$

P1 : tiyang ingkang gineman

P2 : tiyang ingkang dipunajak gineman

p3 : tiyang ingkang dipunginem (aksara p alit)

Conto:

(5) Menawi Pak Tony badhe tumbas buku, kula titip.

(6) Bu Rina boten saged mucal ing sekolah amargi sampun dangu anggenipun sakit.

#### 4) Basa Jawi Krama Alus

Tembung-tembungipun krama kaliyan krama inggil. Basa krama alus dipunginakaken tiyang langkung andhap dhateng ingkang langkung inggil (umur saha tataran kalenggahan), sapantaran tepangan enggal, ngormati, utawi kirang rumaket. Rumusipun:

$$P1 \leq P2 \leq p3$$

P1 : tiyang ingkang gineman

P2 : tiyang ingkang dipunajak gineman


p3 : tiyang ingkang dipunginem (aksara p alit)

Conto:

(7) Menawi Pak Tony badhe mundhut buku, kula titip.

(8) Bu Rina boten saged ngasta ing sekolah amargi sampun dangu anggenipun gerah.

Jinis saha rumus kasebat saged karingkes mekaten



## 2. Sekar Macapat

### a. Pangertosan

Sekar inggih menika riptan utawi dhapukaning basa mawi paugeran tartantu (gumathok) ingkang pamaosipun kedah dipunlagokaken ngangge kagunan swanten (Padmosoekotjo, 1960:25). Sekar Macapat saged ugi kawastanan sekar alit, tuwuh sasampunipun sekar tengahan.

### b. Jinising Sekar Macapat

Sekar Macapat menika wonten 11 inggih menika mijil, kinanthi, sinom, asmaradana, gambuh, dhandhanggula, maskumambang, durma, pangkur, megatruh, saha pocung.

### c Paugeran Sekar Macapat

#### 1) Paugeran Sekar Macapat

Paugeranipun sekar Macapat wonten tiga inggih menika (1) guru gatra, (2) guru wilangan, saha (3) guru lagu (dhong-dhing). Guru gatra inggih menika gunggungipun larik ing saben pada. Guru wilangan inggih menika gunggungipun wanda saben larik/gatra. Guru lagu inggih menika dhawahing swanten vokal ing pungkasaning gatra.

Ing ngandhap menika racikan paugeran saben sekar Macapat.

Tabel 1. Paugeran Sekar Macapat

No	Namaning Sekar	Paugeran
1.	Mijil	10-i, 6-o, 10-e, 10-i, 8-i, 6-u
2.	Kinanthi	8-u, 8-i, 8-a, 8-i, 8-a, 8-i.
3.	Sinom	8-a, 8-i, 8-a, 8-i, 7-i, 8-u, 7-a, 8-i, 12-a
4.	Asmaradana	8-i, 8-a, 8-e, 8-a, 7-a, 8-u, 8-a
5.	Gambuh	7-u, 10-u, 12-i, 8-u, 8-o
6.	Dhandhanggula	10-i, 10-a, 8-e, 7-u, 9-i, 7-a, 6-u, 8-a, 12-i, 7-a
7.	Maskumambang	12-i, 6-a, 8-i, 8-a
8.	Durma	12-a, 7-i, 6-a, 7-a, 8-i, 5-a, 7-i
9.	Pangkur	8-a, 11-i, 8-u, 7-a, 12-u, 8-a, 8-I
10.	Megatruh	12-u, 8-i, 8-u, 8-i, 8-o
11.	Pocung	12-u, 6-a, 8-i, 12-a

2. Tuladha Sekar Macapat

**POCUNG PASEBAN SL. P. SANGA**

2 2 2 2 . 6 6 6 1 . 5 5 3 2 . 0  
*Mu-rid i- ku, ku- du sre-gep lan si- na- u,*

6 1 5 2 1 6 . 0,  
*ma- ca bu- ku wa- can,*

6 1 1 1 . 6 6 5 5 . 0  
*a- mrih bi- sa da- di wa- sis,*

5 6 1 2 . 1 1 6 5 6 1 2 1 . 0  
*la- mun pin- ter be- suk bi- sa u-rip mulya.*

**ASMARADANA BAWARAGA SL. P. SANGA**

2 2 2 2 2 5 6 6 . 0  
*Sinten ing- kang pa- la- kra- mi,*

6 1 1 1 . 6 6 5 2 . 0  
*ka- wur- yan lenggah sa- sa- na,*

2 3 2 5 . 3 2 1 6 . 0  
*su- mu- nu ka ton te- ja- ne,*

6 1 1 1 . 6 6 5 2 . 0,  
*neggih sang Ba- gus Su- yan- to,*

6 6 6 6 6 6 5 5 . 0  
lan De- wi A- yu Shin- ta,

2 3 2 5 . 3 2 1 6 . 0  
an- tut- run- tut run- tang- run- tung,

6 6 6 5 . 6 1 6 5 . 0  
tunggal cip- ta, ra- sa- kar- sa.

### DHANDHANGGULA PISOWANAN SL. P SANGA

2 5 6 6 . 6 1 2 2 2 2 . 0  
La- mun si- ra ang- ge- gu- ru ka- ki,

2 2 1 6 . 5 6 6 6 6 6 . 0  
a- mi- lih- a ma- nung- sa- kang nya- ta,

6 1 1 1 . 6 6 5 5 . 0  
ing- kang be- cik mar- ta- bat- e,

5 6 6 6 . 6 6 1 6 . 0,  
sar- ta kang wruh ing khu- kum,

5 5 2 2 . 5 6 1 6 2 . 1 6 . 0  
kang ngi- ba- dah lan kang wi- ra- ngi,

2 2 2 2 . 2 2 2 . 0  
so- kur o- leh wong ta- pa,

1 6 1 2 . 1 6 5 . 0  
ing- kang wus a- mung kul,

1 2 2 2 . 2 2 2 2 . 0  
tan mi- kir pa- weh ing li- yan,

5 3 2 1 6 . 6 6 6 6 6 1 2 2 . 0  
i- ku pan- tes si- ra gu- ron- a- na ka- ki,

5 6 1 . 6 2 6 1 . 0  
sar- ta- ne- ka- wruh- a- na.

### 3. Maos Sarta Nyerat Jawi

Pinten-pinten bab ingkang nuwuhaken prekawis:

- (1) materi nyerat Jawi kekathahen satemah ngawrataken siswa. Sedaya materi kadhe kaweleg dhateng murid, keinggilan panjangga satemah siswa ingkang dados kurban.

- (2) Materi ing SD, SLTP, saha SLTA meh sami. Menika nuwuhaken (a) raos njuwarehi (bosen), (2) raos bilih nyerat Jawi menika boten wonten kemajenganing materi. Prekawis kasebat nimbulkan pawiyatan nyerat Jawi magel (mental boten, mateng inggih boten), para siswa tetep kemawon boten saged maos lan nyerat Jawi.
- (3) Prekawis maos lan nyerat Jawi kedah dipunwulangaken kanthi ngatos-atos awit saged kemawon siswa rumaos boten mbetahaken utawi siswa dereng gaduk pamikiripun utawi mangertos ginanipun. Kangge menapa maos lan nyerat Jawi? Kamangka seratan Jawi menika asiling budaya Jawi ingkang nyimpen mutiara ngelmi. Menawi guru saged mulangaken kanthi narik lan ndudut kawigatosan, boten mokal menawi siswa lajeng ketarik dhateng seratan Jawi sarta tuwuh tresna dhumateng pamulangan basa Jawa.

Ing pamulangan basa Jawa modern, wonten ewah-ewahan mirunggan tumrap tata panyerating aksara Jawi.:

- (a) Ewah-ewahan menika, bilih nyerat Jawi adhedhasar seratan latin, boten pocapan.
- (b) Langkung prasaja sarta gampil, siswa kantun nggantos saking latin dados aksara Jawi.

Menika ing mbedakaken kaliyan seratan Jawi saderengipun inggih menika nyerat Jawi adhedhasar pocapan.

Conto:

Tabel 2. Seratan Jawi

No.	Latin	Jawa rumiyyin	Jawi modern
1.	kanca	<k>zC	knC
2.	landa	<l>nD	lnD
3.	bangsa	<b`>s	b`s
4.	makakake	mkkK<k	mkkH<k
5.	nuruti	nurutTi	nurut <i>i</i>

Bab-bab ingkang nuwuhaken ewah-ewahan:

- (1) Wulangan maos lan nyerat Jawi kirang narik kawigatosaning siswa awit seratan Jawi sampun boten dipunginakaken (*fungsiional*) ing massarakat.
- (2) Tumrap siswa, nyerat Jawi adhedhasar pocapan menika angel. Pramila prelu dipundamel langkung prasaja (*simplifikasi*) satemah siswa langkung gampil maos saha nyerat Jawi.
- (3) Ancasipun sinau maos lan nyerat Jawi namung kangge apresiasi. Tegesipun namung nepangaken dhateng para siswa bilih leluhuripun sampun gadhah tradhisi tulis ingkang pinunul, sampun ngantos tiyang jawi boten nate mangertos seratan Jawi. Seratan Jawi kirang murakabi (*fungsiional*), sampun nagel kepara boten wonten lare samenika kirim serat mawi seratan Jawi, angel utawi boten



dipunprangguli buku-buku modern ingkan kacithak mawi aksara Jawi. Dados siswa boten prelu dipunweleg kanthi muluk-muluk, mangke mindhak malah mlajar satemah nyinhgkur dhateng budayanipun piyambak. Menika rak cilaka! Dene menawi siswa ketarik saha kepengin nggilut ngantos tataran langkung inggil, benjang saged mlebet ing Perguruan Tinggi ingkang gadhah Program Studi Basa Jawi.

- (4) Seratan Jawi kedah dipunlestantunaken kanthi margi ingkang **mathuk** saha **methok** inggih menika jagading pamulangan.

### C. Dudutan saha Pamrayogi

Adhedhasar andharan kasebat saged pinaringan dudutan mekaten.

1. Guru basa Jawi ingkang profesional kedah gadhah kawegigan profesional satemah saged mulang basa Jawi kanthi profesional.
2. Kawegigan profesional tumrap guru basa Jawi profesional ingkang baku inggih menika gadhah kawegigan (a) unggah-ungguh basa ingkang mapan, (b) saged nyekar, (c) saged maos saha nyerat Jawi.

Kanthi dudutan kasebat, kula atur pamrayogi mekaten.

1. Mangga para guru tansah ngasah saha nambah kawegigan profesional tumrap guru basa Jawi inggih menika wasis ing unggah-ungguh, saged maos saha nyerat Jawi, sarta saged nyekar.
2. Ing dereng kagungan kawegigan kasebat boten sisah alit ing penggalih, tetep saged mulang basa Jawi sinambi nambah terus ngeliminipun bab kawegigan kasebat.
3. Prekawis seratan Jawi, wonten pamilih saha pamilih ingkang premati. Sifatipun nglajengaken, boten mongsal-mangsuli. Pramila pangrakit kurikulum basa Jawa adhedhasar KBK samangke kedah langsung taliti.
4. Unggah-ungguh basa Jawi modern prasaja sanget boten angel. Pramila mangga samya dipuncakaken ing sadinten-dinten ngiras pantes nyontoni siswa kanthi praktik (*pragmatik*).
5. Sinau sekar kedah terus-terus supados saged trampil saha mbalung sungsum, boten saged sinau sekar menika sakeplasan awit nyekar menika boten kognitif nanging psikotorik (keterampilan) saha afektif (sikap).

### DAFTAR PUSTAKA

- Padmosoekotjo, S. 1960. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa. II*. Djogjakarta: Hie Hoo Sing.
- Pak A R. 1981. *Sekar Macapat*. Diktat.
- Prawiradisastra, Sadjjo. 1996. *Pengantar Apresiasi Seni Tembang*. Diktat. Yogyakarta: FPBS, IKIP.
- Rejomulyo. 1998a. *Fleksibilitas Tembang Macapat dalam Seni Karawitan*. Makalah. Yogyakarta: Dinas P dan P.
- \_\_\_\_\_. 1998b. *Pengenalan Sekilas tentang Tembang Jawa*. Makalah. Yogyakarta: Dinas P dan P.
- Suwarna. 1995. *Sekar Minangka Kagunan Swanten Jawi*. Makalah. Yogyakarta: Dinas P dan P.
- \_\_\_\_\_. 2000. *Sekar Macapat Pamulangan ing SLTP*. Makalah. Yogyakarta: BPG Kalasan.

- ....., 2002. *Pemberdayaan Bahasa Jawa untuk Meningkatkan Kecakapan Hidup*. Makalah. Klaten: Dinas Kebudayaan.
- Darusuprpto. dkk. 1992/1993. *Pedoman Penulisan Aksaran Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Nusatama-Dinas P dan K Propinsi DIY.
- Padmosoekotjo, S. 1984. *Wewaton Pamulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: CV. Citra Jaya.

## BIDODATA



Suwarna Pringgawidagda, lahir di Klaten, 2 Pebruari 1964. Lulus Sarjana Pendidikan Bahasa Jawa di IKIP Yogyakarta tahun 1988. Gelar Master Pendidikan diraih di IKIP Malang 1994. Tahun 1988 hingga sekarang menjadi dosen di Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, FBS, Universitas Negeri Yogyakarta. Doktor Pendidikan Bahasa di raih di Universitas Negeri Malang. Tahun 2007.

Buku karangan yang diterbitkan (1) Strategi Penguasaan Berbahasa (Penerbit Adicita Yogyakarta, 2002), (2) Gita Wicara Jawi, Pranatacara saha Pamedhar Sabda (diterbitkan oleh Penerbit Kanisius, cetakan ke-4) 2003), (3) Mutyara Rinonce Budi Pekerti ing Pewayangan (Penerbit Saudara, 2001), (4) Puspa Sumekar Budi Pekerti ing Lagu Dolanan Anak (Grafika, 2002), (5) Mengenal Busana Pengantin Gaya Yogyakarta (Penerbit Adicita, 2001), (6) Siraman (Penerbit Adicita, 2003), (7) Paningset dan Midodareni (Penerbit Adicita, 2003), (8) Pawiwahan dan Pahargyan (Penerbit Adicita, 2003), (9) Panduan Acara Pengantin Berbagai Gaya (Penerbit Adicita, 2003), (10) Tingkeban (Penerbit Adicita, 2003), (11) Kunci Sukses Menjadi MC (Penerbit Adicita, 2003), (12) Tata Upacara dan Wicara Pengantin Gaya Yogyakarta (Kanisius, 2005), (13) Pengantin Mangkunegaran (Grafika indah 2008), (14) Ekspresi Lisan Lanjut (Grafika Indah, 2008), (15) Tembang Macapat (Grafika Indah, 2008). Beberapa buku terjemahan tahun 2006-2007 (16) Pragmatik, (17) Bahasa dan Kekuasaan, (18) Analisis Wacana, (19) Teori Relevansi., (20) Ancangan Wacana

Sebagai penelaah buku pelajaran bahasa Jawa (1) Citra Widyatama (Yogyakarta, 1998), (2) Kaloka Basa (Yogyakarta, 2002, 2004), (3) Piwulang Basa Jawa (Klaten, 2004), (4) Laksita Basa (Madiun, 2004), (5) Upacara Tedhak Siten (2002), (6) Wasis Basa (Surakarta, 2006), (7) Seneng Basa (Surakarta, 2006)

Karya ilmiah dimuat dalam majalah dan jurnal terakreditasi (1)Aspek Gramatikal Dalam Wacana Politik: Kajian Referensi (Linguistika, terakreditasi, UMS 2006), (2) Integrasi Pendidikan Budi Pekerti dalam Kurikulum Berbasis Kompetensi (CP terakreditasi, 2007). (3) Intergrasi Pendidikan Budi Pekerti dalam Kurikulum Berbasis Kompetensi (CP terakreditasi, 2007), (4) Pendekatan Budaya Dalam Pengembangan Bahan Ajar Bahasa Jawa Bagi Penutur Asing (Disajikan pada Kongres Bahasa Jawa IV, 2006), (11) Pemberdayaan Potensi Lokal Jawa Untuk Membekali Kecakapan Hidup Siswa Di Sekolah "*Life Skill*" (disajikan pada Kongres Bahasa Bali V, 2006).

Selain itu juga memiliki keterampilan profesional sebagai MC (pranatacara) pada berbagai upacara tradisionial maupun modern, dan acara-acara formal lainnya.